


KUTURA MAFEMO

 Maita henyu, Hama Ruddell. Ndiri kufara kwazvo kuziva kuti ndine mwanakomana muEvhangeri. [Imwe hama ine zvainotaura—Mupepeti.] Hongu. Saka, zvakanaka. Zvakanaka. Hongu, ndinonyatsokoshesa Hama Ruddell. Uye ndi—ndinotenda Pauro akambova nemwanakomana ainzi Timotio. Akamudana kuti mwanakomana wake muEvhangeri.

² Uye kana ndisina chokwadi, uyu aimbova, Flossy Ford? [Hanzvadzi Flossy vanoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Ini zvangu, ini! Flossy, ini...Yave nguva yakareba. Hongu, yadaro. Ndinorangarira, pandaive mukomana, hanzvadzi yake, Lloyd, neni taitamba tose tichienda kwese-kwese. Zvino iye aipota achibika makeke makuru, munoziva, zvino taizouya ipapo tosvikodya kusvikira tave kuda kurwariswa, naro.

³ Ndinorangarira imwe nguva vakandikumbira kuti ndiuye, Lloyd ndiye akadaro. Zvino isu...Flossy akanga abika. Akange achingori mwana muduku ipapo. Akanga abika zikeke rakakura, zvino—zvino takadya kusvikira tisisagoni kudya. Ndakafunga, “Zvino, ndichagara usiku hwese naLloyd.” Kwakatanga kusviba, munoziva, zvino nda—ndakazofunga kuti ndaitofanira kuenda kumba. Saka nda—ndakasimuka ndokumhanya ndichidzika nemugwagwa, uye ndichitya kunge ndichafa, ndichiedza kuenda kumba.

⁴ Uye ndi—ndinorangarira baba vake. Amai vako vachiri kurarama, ndinofungidzira kudaro. Saka, zvakanaka. Zvino mvura zhinji dzakadzika nerwizi kubvira mazuva iwayo. Hongu. Hepano patave zvino, tiri vaviri tave vanhu vemazera epakati ehupenyu, vanasekuru. Zvakanaka, asi, pane Nyika kwatisingazochemberi. Maona? Ndiri kufara kwazvo kuziva, Flossy, kuti uri kutsvaka Nyika iyoyo, nekugutsikana kwekuti uchaIwana.

⁵ Uye Jim, Jim akadini? Ari here...Hongu, ndinozviringarira. Jim, ndiye murume wake. Uye ndinonyatsomurangarira. Uye ndaiziva vamwe vevana vashoma. Takaita sokunge, panguva iyoyo, ndakanga ndave pamunda wekuvhangeri, pavakaroorana, uye vana vavo vachikura. Zvino takaita sokuti paradzanei, munoziva, mumwe achibva kune mumwe.

⁶ Ndinomboona Hama Lloyd apa neapo, ndodanidzira kwaari, mumugwagwa. Vakandibikira chokudya kakawanda. Uye ini ndaka...semukoma nehanzvadzi vemumba chaimo.

⁷ Zvino, ndiri kufara kwazvo kuona kuti kusundwa kweHama Ruddell kwekutanga kwaive kuno munzvimbo ino;

vachishandura, vachitanga, vachishandura bhawa kuriita imba yaShe. Zvakanaka kwazvo.

⁸ Uye, ndizvozvo, munoziva, kana pane dzimwe nguva kana ukagona kufanoona chimwe chinhu, munoziva, zvino—zvino izvozvo zvinochiita kuti chive nani. Saka takafanoona kuti maiva nechimwe chinhu mumukomana uyu. Zvino ainyara. Baba vake neni, ikoko, taishanda pamwe chete makore akapfuura. Uye ndaiziva baba vake kuti vaiva munhu akachangamukira zvinhu uye asinganonoke kunitora chaada, ko izvozvo zvingashaikwawo sei mumukomana? Ndinoziva kuti aiva naamai vakanaka kwazvo. Saka, akakudzwa zvakanaka, saka paitofanira kuva nechimwe chinhu chakanaka shure kwake, muri kuona. Uye chishuwo ichocho chakanga chiri mumoyo make, chokushumira Ishe! Kana pakadzika pachidana Pakadzika, panofanira kuva nePakadzika panodavira pakudana uku. Zvino ndinofara kwazvo kuona Hama Ruddell vachienda mberi.

⁹ Boka iri revanhu vanoshamisa riri kumusoro kuno. Uye mukana mukuru kwandiri, manheru ano, kuuya kumusoro kuno, kuzotaura kuboka iri revatsvene vari kugarawo kuno. Hatisi. . . Ino haisi nzvimbo yehugaro hwedu, munoziva. Tiri vafambi. Titori. Hatisi kumusha.

¹⁰ Ndinorangarira, Hanzvadzi Ruddell, kuti maiuya navo mosvikogara ipapo. Zvino vaizokotamisa musoro wavo. Uye makanga muine ruvimbo rwakawanda. Ichokwadi vakadaro. Vaitenda kuti va—vachazoparidza Evhangeri. Zvino nemudzimai akanaka zvakadaro, nababa naamai, nevose vachimunamatira, chimwe chinhu chaitofanira kuitika, Hama Ruddell. Saka hezvinoika izvi. Uye ndinonamata, Hama Ruddell, kuti ino ichange ingori nzvi—nzvimbo yamuchange makamira, apo pamuchachirikira kunzvimbo dzekumusoro-soro, kuitira kubwinya kweEvhangeri.

¹¹ Ndinoziva kuti Hama neHanzvadzi Ruddell, Max uyo, vaizonzwa mufaro kwazvo pamusoro pazvo, manheru ano. Ndingadawo zvakadini kuona Billy Paul akamira mupurupiti. Uye ndine tariro yokurarama rimwe zuva ndichiona Joseph akamira mupurupiti. Uye zvakanaka kwazvo.

¹² Kushingaira kwedu nematambudziko ipapo ayo atinawo, ekurera vana nemuzera rehuja nezvimwe, zvinotiita kuti tinzwe zvakanaka zvino. Kutarira kumashure wona vhudzi jena mumusoro wababa vako, nezvimwe. Rangarira, zvimwe zvako—zvimwe zvako zvakaipa zvawaiita ndizvo zvakariisa ipapo. Uye ndi—ndizvozvo.

¹³ Saka, zvakanaka kuva pano. Uye ndakangoti shoshomei zvishoma. Ndanga ndiri kuparidza. Hama Gene Goad neni takapinda pakarwendo, nezuro, zvino ndokudzika zasi. Uye hove dzakanga dziri kudyira. Zvino—zvino saka takava

nenguva yakanaka, ndokuuya nguva yapera. Zvino takaita sokupinda mumvura, uye yaiti tonhorei, asi ndinovimba kuti muchatsungirira neni.

¹⁴ Iye zvino, tiri kugadzirira kuenda kumbuserere yemuzhizha, mbuserere yamazva makumi mapfumbamwe. Tinotaririra kuzodzoka zvakare kumagumo aNyamavhuvhu, kutanga kwaGunyana. Uye tave kuenda ikoko zvino. Svondo rino—rino, ndichatangira muGreen Bay, Michigan, ndodzoka kuChicago Svondo masikati, pachikoro chesekondari, pakonivhenisheni. Ndichange ndichitaura pakonivhenisheni yepakutanga yeChristian Business Men muGreen Bay, Wisconsin. Uye zvadaro, kubva ipapo, kuChicago. Zvino zvadaro Muvhuro, ndiri muChicago, pamu—musangano, mbuserere yemamishinari yeHama Joseph Boze. Zvino tozodzoka kumba, kuti tizoenda kumawodzanyemba, Southern Pines, North Carolina, nezasi kuSouth Carolina. Tevere uko kuCow Palace paSouth Gate, Los Angeles. Ndine makereke eOneness makumi mana kana zvakadaro ari kutsigira nemari misangano iyi. Kekutanga kekuti veOneness vatsigire musangano wangu nemari.

¹⁵ Zvadaro zvino kubva uko—uko tokwira, California topfuura nemuOregon, toenda mberi muCanada. Zvino kuzobva ipapo, topinda muAchorage, Alaska. Uye zvadaro tozodzoka zvakare mumatsutso, apo Hama Boze vari kuenda kuKenya, Tanganyika, Urban, iri muAfrica, South Africa, kuronga misangano kuitira nguva yekumagumo kwematsutso.

¹⁶ Iye zvino, kuti nditi ndine kutungamirwa kuenda kune imwe yenzvimbo idzi, handina. Asi ndinonzwa kuti ndinofanira kunge ndichidyara Mbeu pane imwe nzvimbo, ndichiita chero chandinokwanisa kuitira Humambo.

¹⁷ Uye zvino ngatikotamisei misoro yedu zvakare kuti tinamate zvakare. Kwete kuti hatina kunge tanamatirwa, asi ndiri kungoda kukumbira Ishe kuti vandibatsire pano iye zvino, zvigotipa mamwe Mashoko kuitira imi.

¹⁸ Baba vedu voKudenga, tave zvino kusvika pachigaro cheNyu chenyasha, nemuZita raIshe Jesu, uYo wakatipa mvumo nekokero kuti tiuye, uye taizopiwa zvinhu zvatininge takumbira, patiri kuuya. Zvino, hatizokumbire, zvachose, kumira pakutonga kweNyu. Asi tinoda kumira paChigaro cheTsitsi, kuitira kuti tigowana tsitsi, tichipupura kuti takakanganisa. Uye hapana chakanaka chiri matiri. Asi tinozviunza, Ishe. Hapana chatinogona kupa, kungoti munamato waIshe wedu Jesu, pamwe nekokero, yokuti Akataura kuti, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, nokutenda kune uYo akaNdituma ane Hupenyu husingaperi, uye haazosviki paKutongwa, asi adarika kubva kurufu achipinda muHupenyu.” Tinozvitenda. Akatiudza kuti tiuye, tokumbira chero chinhu chipi hacho muZita raKe, tinochipiwa. Tinozvitenda.

¹⁹ Pamusoro penheyo yekutenda kweedu, tinouya, tichikumbira kuti Muropafadze kereke ino, nehama yedu ine nyasha, Hama Ruddell, nemhuri yavo, nemhuri dzose dzakamiririrwa pano.

²⁰ Pandatarisa uko ndokuona Mai Morris pano, manheru ano, nokufunga pamusoro pemazuva akapfuura. Uye, Mwari, sezvandataura kwavari, kuti mvura dzakawanda dzakadzika nerwizi, uye njodzi dzakawanda, kushingaira, nemiteyo. Makatotipfuudza nemazviri, Ishe, uye neruvimbo rweedu rwuri maMuri, kuti tichaenda kumagumo enzira, tiri maMuri.

²¹ Ropafadzai nzvimbo ino. Isai Zita reNyu imo muno, Ishe, uye mugovapa izvo zvakanakisisa zvemugove wenzvimbo ino. Dai zvakaipa, sokunamata kwaita hama, manheru ano, pano, murume wechidiki uyu, anamata kuti Mugobvisa zvidziviso zvose. Zviitei, Ishe. Pindurai munamato wake.

²² Podzai varwere vari pakati pedu. Ipai ruponiso kumweya yeavo vane nzara nyoyta yekururama. Uye zvino, Ishe, chenesai inzwi ne—nekubata kwemuranda weNyu asina chaanobatsira. Uye ropafadzai Shoko reNyu, uye ngaRisadzoka risina zvaraita. Asi zvive, dai Zvikava saizvozvo, kuti Richazadzikisa izvo zvaRakatemerwa kuita. Dai Mweya Mutsvene watora zvinhu zviru zvaMwari, manheru ano, ugokurudzira moyo yedu, kubvira kune mukurusa kusvika kune mudukusa. NemuZita raJesu Kristu tazvikumbira. Amen.

²³ Iye zvino, mangwanani ano, ndaparidza kwenguva refu. Uye ndanga ndisiri kuziva nezvekuparidza. Ndanga ndiri kungoita sokudzidzisa chidzidzo cheSunday school. Rimwe zuva, ndakadzidzisa kwemaawa matanhatu. Zvichange zvisina kuipa kudaro, manheru ano, ndine chokwadi.

²⁴ Asi ndinogori nechidzidzo chiduku pano, chandinoda kuverenga Rugwaro, nokuti ndinoziva kuti Mashoko aKe haakundi. Angu anogona kudaro. Angu anogona kuzviita. Uye ndichaedza kuchengeta shoko rangu pamwe chete neraKe, uye nokutora Shoko raKe; ndotoro shoko rangu, kugadzira chidzidzo paShoko raKe, chatiri kushandisa sechidzidzo.

²⁵ Ndinoda kuverenga nzvimbo mbiri, manheru ano. Ndinoda kuverenga Bhuku reZvirevo, muchitsauko 18, pandima 10, imwe nzvimbo yacho. Zvino imwe nzvimbo, ndinoda kuverenga Isaya 32:2. Zvino muna Zvirevo 18:10.

Zita raJEHOVHA inhare yakasimba: wakarurama anovangiramo, ndokuchengetwa.

²⁶ Zvino muBhuku raIsaya, chitsauko 32, ndima 1 ne 2.

Tarirai, mambo achabata ushe nokururama, muchinda achiruramisira.

Munhu mumwe nomumwe achava soutiziwo pamhepo, sechivando pakunaya kukuru kwemvura; senzizi

*dzemvura panzvimbo yakaoma, somumvuri wedombo
guru panyika yafa nenyota.*

²⁷ Uye zvino kubva pane zvaverengwa, ndinoda kushandisa izvi sechidzidzo, rega... *Kutura Mafemo*. Musoro wechidzidzo usinganzwisike, “Kutura mafemo.” Ndausarudza nokuda kwekuti, ndisati ndauya kumusangano, ndinoedza nguva dzose kunamata, nokuedza kutsvaka Ishe. Kwete kumira pamberi pechero ungoro, duku kana huru, mumwe chete kusvika miriyoni, zvinenge zviru zvokuti umire ipapo kwete kuti uonekwe kana kuti unzwikwe, asi kuita chimwe chinhu chinobwinyisa Ishe wangu, nokudaro, uchiona chishuwo chevanhu.

²⁸ Uye handingauye pano kuti ndizonzwikwa, nokuti handisi munhu ane zvokuti ungateerere; inzwi rakashata, handisi munhu akadzidza. Uye handigare nechidzidzo changu; ndinongosvetuka kwese-kwese, kubva muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa. Uye ini—ini handisi mu—mu—munhu anotaura zvakatsetseka, asi ndinoda Ishe. Uye ini—ini handikwanise kuda Kristu kusvikira ndatotanga ndada vanhu vaKe. Maona? Ndinofanira kuda vanhu vaKe. Saka kana ndikada vanhu vaKe, zvadaro ndinoMuda.

²⁹ Uye ndinoda kuve sezvaAkaita. Ndinoda ku—kuita kuti zvinangwa zvangu zvive zvimwe chete nezvinangwa zvaAiva nazvo, uye, uye zvaiva, nguva dzose kuedza kuita zvakana, kubatsira mumwe munhu.

³⁰ Uye tichiona zuva rino ratigere mariri, pamwe nokuziva kuti kereke iyi pano ine mufudzi akanaka kwazvo. . .

³¹ Iye zvino, handisi kuzvitaura kuti ndingovafadza, ndinozvitaura zvichibva pamoyo wangu. Kana ndikataura chimwe chinhu chakasiyana, ndi—ndinenge ndave munyengeri. Uye ndi—ndinotenda kuti kereke ino ine mufudzi anomira paChokwadi, zvisinei nezvinouya kana kuenda. Ndinozvitenda izvozvo. Ndirwo ruvimbo rwangu mumwanakomana wangu—wangu. Uye ndi—ndinozvitaura. Uye ini... Uye haatyeka kana nepaduku pose. Zvino imi... Ndinotenda kuti murume anoremekedzwa, mutsvene, akatumwa achibva kuna Mwari, aine shumiro yezuva rino rokupedzisira. Uye anoparidza chikamu chimwe chete cheShoko chandinoparidza, zvinobva muna Genesi kusvika muna Zvakazarurwa, semanyorerwo aZvakaitwa. Uye ndinozvitaura izvozvo. Pasina kurerutsa, kungonyatsogara neShoko, uye ndinozvitaura.

³² Asi zvino ndakafunga, nemurume akadaro, kuti ini ndiende kuseri kwepurupiti yake, kunyange ari murume wechidiki, chii chandingataura chingabatsira ungoro yake? Nokuti, ndicho chikonzero anga achida kuti ndiuye kuno. Iye mufudzi, uye ari kutarira makwai ake. Zvino anogona kufunga zvichida zvino, kungoita sokuti shandurei zvisvikiro, anogona kuva chinhu chinobatsira vanhu vake. Uye ane hanyin’ a nemi. Ane

hanyn'a nekurarama kwenyu. Masikati nemanheru, anoenda chero nguva, kwese-kwese, kubatsira achiita zvaanokwanisa. Saka, mu—muranda waMwari wechokwadi.

³³ Uye sezvavataura, vati vakandishusha, kana kundinetsa, kana kunditambudza, kana zvimwewo. Havadaro. Zvinondiita kuti ndiwedzere kuvada, pavanoramba vachikumbira, nokuti, izvozvo, ndinozvida, nokuti vane ruvimbo. Zvinoratidza kuti havangadai vandiunza kuno pamberi pemakwayi avo dai ndaifunga kuti ndaizoakuvadza. Kwete. Hapana mufudzi anoita zvakadaro. Nokuti, anofunga kuti ini ndinoita izvo zvinenge zvakakanaka. Uye zvaka...ivo...Mukana mukuru kwazvo vavanondiitira pavanondikumbira kuti ndiuye. Uye ndinofarira zvinangwa zvavo—zvavo, zvokuti “Rambai makabatirira kusvikira zvaitika.” Ndiye mu—murume wekutenda, uye izvozvo ndinozvida.

³⁴ Saka zvino ndakafunga, “Chii chandingataura kuungano iyi?” Ndakafunga, “Zvakanaka, pamwe vakadzidziswa zvakanaka muzvinhu zvose, pasina kupokana.” Asi pane kumanikidzwa pavanhu nhasi. Uye kumanikidzwa uku hakuna muganhu, kana miganhu yemasangano. Hakuna muganhu pazera. Hakuna munhu wakunoremekedza. Kuri pane vaduku nevakuru, vakanaka nevakaipa. Kuri pane munhu wese: kumanikidzwa.

³⁵ Tiri kurarama muzera rekupenga, kubatikana uchihuta-huta. Munhu wese ari kumhanyira *pano*, nokuenda *uko*, uye pasina kwaari kuenda. Zvinongori zvemuzera rakadai. Uye ndinoziva kuti kereke ino ingange yakazara nako, sezvakangoitawo kumwe kwese kwakazara nako. Tabhenakeri yakazara nako, kwese-kwese, pasi rose.

³⁶ Izuva rekumanikidzwa. Kurumidza, kurumidza; kurumidza, kurumidza; kurumidza wosvikomirira. Wotyaira mamaera makumi mapfumbamwe paawa imwe chete [150km/hr], zvino woenda kumba kusvuvuro yemanheru, zvino womirira kwemaawa maviri kusvikira yazogadzirwa. Ndizvozvo chaizvo. I—inguva. Zvino mukumhanyira ikoko nekumhanyisa motokari, zvinokuisa pakumanikidzwa. Mudzimai akangotaura chimwe chinhu chinoti pesanei, unoda kuputika: hashu. Murume akataura chimwe chinhu, unotsika-tsika pasi netsoka yako womuudza kuti apinde mukamuri. Maona? “Zvakanaka, zvino, murume wangu, handisi kuda zvokutaudzana newe. Buda panze uko.”

³⁷ “Mudzimai, o, ndiri kuhuta-huta kwazvo.” Maona? Sei? Chii chiri kunetsa? Maona?

³⁸ Zvose izvi, pamwe chete, kubatikana kuchisimuka, zvino zvibereko zvacho ndezvokuti: kuita chimwe chinhu zvisiri izvo, pamwe nokuita zvinhu zvisina kufanira. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, kunoita kuti varombo vaite nemaitiro akadaro.

Kunoita kuti avo vehupfumi hwepakati nepakati vaite nenzira iyoyo. Kunoita kuti vafumi vaite nenzira iyoyo. Kunoita kuti avo vakatsauka vaite nenzira iyoyo. Kunoita kuti avo vakanakisisa vaite nenzira iyoyo. Kunoita kuti avo vakanaka vaite nenzira iyoyo. Nokuti, kumanikana, chiutsi chemvura, chinosisimuka. Unofanira kuchibuditsa kunze neimwe nzira. Maona? Ukasadaro, noputitsa bhoira.

³⁹ Zvino, tinozviona. Kunoramba kuchiwedzera nokufamba kwezuva. Iwe ukataura nemukuru wako webasa, kana uchishanda, “O, *zvakati-zvakati!*” Uye kana ukataura nemwana, “Uya muno!”

“Amai! Ndiri . . .” Maona?

Hezvoka izvo. Kunoramba kuchiwedzera. Oooh! Ini zvangu! Maona? Unonzwa kunge uri kuzo . . . musoro uri kuzokwachuka. Ndinoziva. Ndinazvo, mazuva ose, saka ndi—ndinoziva zvazvinoreva. Kunoramba kuchiwedzera. Ndakanga . . .

⁴⁰ Ndakafunga pamusoro peizvi, pane umwe usiku. Ndakanga ndiri pane chimwe chipatara. Zvino mufudzi vedu, ndakafunga kuti vairwara, asi vainge vakangoneta. Kumhanya, mhanya, mhanya, mhanya, kusvikira vangoneta. Zvino vamwe vavo vakati, vakafona, vakafonera kuhofisi zasi uko, vakandikumbira kuti ndivaendere kwavainge vadanwa. Saka, ndakanga ndichiita zvekubasa zuva rose, uye vashumiri vakabva nzvimbo dzakasiyana-siyana. Ndakati, “Hongu.” Saka, ndakaenda kwavaidiwa.

⁴¹ Zvino ndakaenda kune chimwe chipatara. Vakandipa zita remumwe mudzimai, pamwe ne—pamwe nenhamba yekwaainge ari. Ndakaenda kune kamuri iyi. Ndakaenda paiva nemumwe mudzimai. Uye a—aiva maminitsi anenge gumi nemashanu, makumi maviri nguva dzokugamuchira vayeni dzisati dzasvika. Saka ndakaendapo ndokuudza mudzimai uyu kuti ndaive mushumiri uye ndaida kuona mumwe, mumwe mudzimai. Akanditarisa kumeso. Zvino pane zvaakanga ari kuita. Akatendeuka, kutanga, zvino ndokuti, “Uri kudei?”

Ndikati, “Ndiri kuda kuzivawo kuti mumwe mudzimai *nhingi-nhingi* ari papi muwadhi yokuti.”

Iye ndokuti, “Handizive.”

Ini ndokuti, “Zvakanaka, ndapiwa nhamba, neimwe nzvimbo, zvino ndafunga kuti nditange ndabvunza.”

Ndokuti, “Saka, kana uine nhamba, chienda unoiona.”

“Maita henyu.”

Ndakadzika zasi ikoko ndokugara pamukova wewadhi. Ndikati, “Panewo here mumwe mudzimai pano, anonzi *Nhingi-nhingi?*”

“Kwete.”

Saka, ndakadzokera ndokutarisa patikiti rangu. Ndipapo pacho paraitaura. Saka ndakadzokera, zvino mudzimai uya aive akamira ipapo. Ndakati, “Handiyo nhamba yacho.”

“Wati zita rake anonzi ani?” Ndakataura. Ndokuti, “Haasi munzvimbo yekuno.”

“Maita henyu.” Ndikati, “Ndichakwira kumusoro zvino.”

Saka, ndakakwira kumusoro kune kamuri yaitevera. Zvino ndakaenda kune...Kutanga, kwaiva nachiremba akanga akagara padhesiki, uye agerepo, achikwenya musoro wake. Ndokuti, “Makadini?” Akangotarisa mudenga, ndokutarisa pasi.

Saka, ndakafunga, “Zviri nani ndimusiye akadaro.”

Saka ndakadzika nemutsara ndokuenda mberi zvizhoma, zvino ndakawana mumwe mudzimai ari padhesiki, mukoti. Ndokuti, “Pamusoro.”

Ndokuti, “Uri kudei?”

Zvino ini ndokuti, “Panewo here mudzimai kumusoro kuno anonzi *nhingi-nhingi*?”

Zvino iye ndokuti, “Handizive.” Zvino ini ndokuti...Iye Ndokuti...

Ndakati, “Ndanga ndiri kufanira kuva nenhamba yeka—kamuri 321 kana kuti 221.” Zvino ndokuti, “Ndaenda kune kamuri iyoyo, zvino hapana akanga arimo. Zvino mudzimai ndokuti, ‘Hakuna munhu zasi kuno ane zita rakadaro, saka,’ ndokuti, ‘pamwe kwanga kuri kumusoro.’”

Zvino akati, “Zvakanaka, ko wadini waenda kune mbiri... 321 zvino.”

Ndikati, “Ndatenda.”

Ndakadzika zasi ku 321, ini...kana kuti makumi maviri-nemaviri-...321. Ndikati, “Panewo here mudzimai muno anonzi *Nhingi-nhingi*?”

“Kwete.”

Pane mudzimai avete ipapo, akati, “Anga ari kune rimwe divi rekamuri, kune rimwe divi rekamuri ne—nechekumwe uko, makumi matatu nerimwe.”

Ndokuti, “Ndatenda, amai.”

Ndakaendako, ndikati, “Mudzimai *Nhingi-nhingi* ari muno here?”

“Kwete. Vamubuditsa muno. Ari zasi.”

Ndakafunga, “O, ini zvangu!”

Ndakadzokera ndichidzika pasi zvakare. Ini—ini...Zvino mudzimai...Vakazondipa nhamba yekamuri yacho. Zvino ndakadzika pasi, ndikatarisa kwese... ndakatywa kudzokera

kudhesiki riya zvakare. Saka ndakatarisa kwese ndichikwira nokudzika, ndichiedza kuwana nhamba yekamuri. Zvino nda—ndakatarisa, ndikaishaya.

Vane mamwe makamuri maduku epamativi nezvimwe zviri pachipatara ichi. Saka hepanoi pakauya chiremba achifamba nepo, aine muchina wokuteerera kurova kwemoyo uri muruwoko rwake, nebhegi. Zvino handisati ndamboona murume akareba mafiti mana uye akapamhama mafiti mana, asi ainge achingoenderana... Akanga achifamba achidzika naikoko. Ndikati, “Manheru, changamire. Mungandiudzewo here kuti kamuri ine nhamba *yokuti-nokuti* iripi?”

Akati, “Kumusoro nenzira *yekuno* zvino wobuda nenzira *yeuko*.”

Ndikati, “Ndatenda nezvamandiudza.” Ndicho chokwadi. Akati, “Kumusoro nenzira *yekuno* zvino wobuda nenzira *yeuko*.”

Uye ndakati, “Ndatenda!” Ndakafunga, “Hapana kwandati ndasvika nazvino.”

⁴² Ndakatarisa kumashure ndokuona mudzimai airatidzika kuva netsiye nyoro akamira seri kwedhesiki zvakare. Ndakafamba ndokuenda kwaari, zvino ndikati, “Manheru akanaka.”

Iye ndokuti, “Makadiniko?”

⁴³ Ndikati, “Amai, ndavhiringika.” Zvino ndakamuudza nyaya yangu. Ndakati, “Pane mumwe mudzimai muno ari pamwe panhu ari kuzovhiyiwa ave mangwanani, uye ave pedyo nerufu. Ndiri mushumiri, zvino mufundisi wedu uko atadza kuuya kuzomuona, zvino vandipa nhamba iyi.”

Iye ndokuti, “Mirai zvishoma, Hama Branham, ndichamuwana.” Mudzimai...

“Zvakanaka, ndinotenda—tenda Ishe.”

Akasiya zvose ndokufamba achienda uko, zvino ndokutora...

“O,” akati, “hongu, Hama Branham, ari mukamuri *yakati-yakati*, kuruboshwe kwenyu, ipapo chaipo.”

⁴⁴ Ndakati, “Ndatenda, zvikuru kwazvo.” Ndakatendeuka ndokutarisa.

⁴⁵ Ndakafunga, “Ndizvozvo chaizvo, kutura mafemo.” Munhu wose... Rave kungova ze—zera remipengo. Munhu wese akazara. Haana nguva. Uye zvinosvika panzvimbo yazvinotanga kuputsa zvinhu. Zvinoita kuti vanhu vaite manzwiwo asina kunaka, kana vachinge vavakwachura, ne—nekutaura zvinhu zvawanga usingade kutaura.

⁴⁶ Zvino, munhu wese ane mhosva yekudaro. Ndine mhosva. Imi mose mune mhosva. Isu, tinoita zvinhu pasi

pekumanikidzwa zviri zvokuti hataimbozviita, saka pane—pane kumanikidzwa kwakawandisa kuno nhasi. Ndinotenda. . . Ndisati ndaenda mberi, ndingataura izvi. Ndinotenda kuti muvengi ari kudzika achimanikidza. Ndinotenda kuti ndidhiyabhore.

⁴⁷ Zvino tinoziva kuti Kuuya kwaShe kwave pedyo. Uye Bhaibheri rakati, mumazuva okupedzisira, kuti, “Dhiyabhore achange achifamba achiita seshumba iri kuwomba.” Uye kana akakwanisa kukuisa pasi pekumanikidzwa, kukurumidza, kumhanya nepamusoro pechimwe chinhu, unozoita dzimwe sarudzo dzaungadai usina kuita dai wainge wagara pasi wafunga nezvazvo.

⁴⁸ Anenge makore matatu apfuura, ndakanga ndakaenda kunovhima, zvino ndaiva nemutungamiri wechiIndia. Zvino ndi—ndinovhima ndichikasika kwazvo. Zvingori, ndizvo zvandingori, munoono, chimwe chezvinounza kumanikidzwa.

⁴⁹ Saka nda—ndakanga ndichivhima nemuIndia uyu, zvino ndakachirika ndichiburuka kubva pabhiza. Zvino pakanga paine nhoro kumusoro mugomo, zvino ndakatanga kupoterera neimwe nzira. Mutana wechiIndia aiva mukuru kwandiri nemakore anenge gumi ekuberekwa. Akanga ari kufemereka, achitevera ari kumashure kwangu. Ndikati, “Handei, mambo. Handei!”

Ndokuti, “Uri kufambisa! Uri kufambisa!”

Ndakafunga, “O, zvakanaka!” Ndikati, “Handei, chitangai.”

⁵⁰ Akati, “Uri kufambisa!” Ndakati nonokerei, mugiya rinotevera. “Uri kufambisa!” Ndakazenge ndave kufamba. “Uri kufambisa!” O, ini zvangu!

Ndikati, “Mambo, nhoro iri kumusoro uko!”

Iye ndokuti, “Iyo ndiko kwainogara. Ndiko kwayakazvarirwa.”

Ndikati, “Ndinofunga kuti ndizvozvo.”

“Ndiko kwainogara, ndiko kwayakazvarirwa.” Ndokuti, “Muparidzi unovhima uchikurumidzisa, munovhundutsa mhuka dzose dzikatiza.” Ndokuti, “Ita semuIndia. Famba kamwe chete, wotarisa kapfumbamwe.”

⁵¹ Saka, handizive kuti ndinofanira kupinda mugiya rakaita sei, kuti ndisvike zasi ikoko? Apo, pandakanga ndiri kumhanya, ndichikwira gomo. Akati, “Famba kamwe chete, zvino wotarisa kapfumbamwe. Otarisa kwese-kwese, pane zvinhu zvose, kapfumbamwe, asati aita imwe nhano.” O, ini zvangu! Asi, muri kuona, hapana kwaakanga ari kumhanyira. Ndakafunga nezvazvo.

⁵² Uye amai vangu vakakosha, avo vari muKubwinya manheru ano; mumwe munhu akati, “Sei usina kupfeka ruva jena nhasi, zvichireva kuti amai vako vakafa?”

53 Ndikati, “Amai vangu havana kufa. Amai vangu vapenyu.”

Zvino ndaizopfeka dzvuku, ipapo vanhu vaiti, “Ndaifunga kuti amai vako vakafa.”

Saka kuitira kuti ndisavavhiringidze, uye nokuwedzera kudunduvirwa, ndakazongosiya zvakadaro. Maona? Havana kufa. Vavete. Vari pamwe naKristu.

54 Uye zvino zera rekuhuta-huta remipengo ratiri kurarama mariri! Uye munoziva, mune zvose izvozvi, vanachiremba havana mhinduro yacho, nokuti vanorwara nazvowo, zvakare. Havana mhinduro. Havazive zvokuita.

Unoti, “O, chiremba, nda—nda—ndave pedyo nekuputika kwemusoro wangu. Handichaziva zvokuita. Ini . . .”

“Zvakanaka,” anoti, “Neniwo. Saka, hapana chaunogona kuita.” Anokupa mushonga wekukudzikamisa. Kana uchinge wapera, unenge wave kuhuta-huta kudarika zvawanga uri pakutanga; semunhu akadhakwa, achipamhazve kunwa, kuti apedze kudhakwa kwake. Muri kuona? Saka imi—imi hamukwanise kuzviita. Hapana mhinduro. Havana.

55 Asi, Mwari vane mhinduro. Ndizvo zvatiri kuda kutora, kutaura nezvazvo, kuti tive nemhinduro. Mwari vane mhinduro. Ndivo mhinduro. Kristu ndiye mhinduro kudambudziko rose ratinaro. Zvino, tiri kuzotaura nezvaKe zvino.

56 Iye zvino, muTestamende Yakare, paiva nenguva apo munhu aigona kupinda pakumanikidzwa kareko, uye ndipo apo ainge aita chinhu chakaipa. Kana akadeura ropa risina mhaka, saka, ipapo anenge ave kutiza. Nokuti, ipapo munhu waanenge auraya, kana kuti chakaipa chaanenge aita; munhu waanenge akanganisira, dzimwe hama dzake dzaimuvhima kusvikira vamuwana, zvino ipapo aimuuraya. “Zvaive kutsiva zino nezino, ziso neziso.” Uye, munoona, munhu akanga asina nzvimbo yokumira.

Dai ainge akaita chimwe chinhu netsaona, uye, saizvozvo, vanhu havaizvitenda, saka, aitotiza. Nokuti ipapo paaingo—paaingozviita, zvino ha—hama dzemurume uyu, kana mudzimai, chero angava ani, vaitanga kumuvhima. Zvino kana vakamuwana, “Zvaireva kutsiva zino nezino, ziso neziso.” Ndiwo mararamiro avaiita.

57 Saka hapana paaigona kumira ari. Ainge ari munhu ari kutiza. Ainge asingazive chokuita, zvino ainge ari kutiza.

Mufananidzo chaiwo wanhasi. Ndinofunga kuti ndizvo zviri kukonzeresa kumanikidzwa kwakawanda. Tiri pakumhanya. Ndiro dambudziko rine nyika, vachiziva kuti vakakanganisa. Vachiziva kuti Kuuya kwaShe kwave pedyo, zvino kumanikidzwa kuri kuramba kuchiwedzera. Zvino vari pakumhanya; mashabhini, dzimba dzenjuga, kugarika, chivi, kuora pahunhu, chero chipi hacho, kuti vature mafemo.

Vanoteerera terevhizheni, jee rinonyadzisira, chero chinhu, kuti vature mafemo. Vari pakumhanya. Pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Vari kuzviziva, vari kuzviuraya nekudhakwa, nemafaro enyika nezvimwe zvose, vari kutiza.

⁵⁸ Vanoziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Nyika inotaura nezvazvo. Tinoziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Nyika ino inogona kuputitswa zuva risati rabuda. Nyika dzose dziri pasi pekumanikidzwa. Sei?

⁵⁹ Pane imwe nguva ndakanga ndiri muAfrica, zvino ndakanga ndakatarisa gwai richifura. Rakanga riri gwayana, o, rakanga rati kurei zviri pakati nepakati. Zvino muchinda muduku uyu akanga achidya hake murugare, zvino kamwekamwe akange achisina kugadzikana. Zvino aiti akamboti rumei; otarisa-tarisa. Obva ati rumei. Ipapo, akanga ari murugare. Ndakanga ndakamutarisa. Airatidzika kuve akagadzikana. Ndakafunga, “Hakusi kune rugare here kunze uko? Tarirai muchinda muduku uyo.” Vafudzi vakanga vachidzitarira vakanga vaenda kumba, vadzokera; vagari veko, vechitema.

⁶⁰ Zvino ndakatarisa muchinda muduku uyu. Zvino mushure mechinguva akatanga kuhuta-huta. Ndakafunga, “Ko chii chiri kunetsa pamuchinda muduku uyu?” Ndakanga ndakamutarisa, saizvozvo, nemumabhainokura. Zvino akatanga kuhuta-huta zvakanyanya. Aipota achitarisa *uku neuko*. Akatanga kuchema. Akanga asiri kuziva kuti oita sei. Ndakafunga, “Chii chaite kuti muchinda muduku uyu asagadzikane zvakadaro, kamwekamwe?”

⁶¹ Zvino, akanga ari kune nzvimbo duku yemafuro. Asi kure nechekuseri kwacho, ndakacherechedza chimwe chinhu chakasimuka ndokudzokera pasi zvakare, kuda hafu yemaera kubva paaive. Yakanyatsovanzwa mumasora, shumba yakanga ichinyangira. Zvino muchinda muduku uyu, pane chimwe chinhu maari chakanga chiri kuumbika kusvika pokuti akaziva kuti kwakanga kuine njodzi pane imwe nzvimbo. Haana kugona kuiona. Asi shumba yakanga yabata hwema hwegwai, zvino yaitofanira kukurumidza kuti iribate, mufudzi asati aritora, oribvisa munzira yayo.

⁶² Saka ipapo, ndamutarisa, kusagadzikana kwakaumbika. Zvino nekure shumba iyi yakanga iri kuvervedza ichiuya, zviri nyore. Nazvino, gwa—gwai harina kugona kuona shumba, asi pane chimwe chinhu mukati make chakamuudza kuti njodzi yakanga yava pedyo.

⁶³ Ndiyo nzira yazviri nhasi, kuti pane chimwe chinhu chiri mukati mevanhu, chinovaita kuti vazive kuti pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Tinozviziva. Mukristu anozviziva. Nyika inozviziva. Chidhakwa chinoviziva. Mutambi wenjunga anozviziva. Muzvinabhizimu, hurumende, veU.N., vose zvavo

vanoziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Zvaumba kusagadzikana.

⁶⁴ Madzimai, vanaamai, vanongori nemudzanga wefodya mushure memumwe! Ndinovatarisa vachiuuya kuchikoro. Vanopfuura nepamugwagwa wedu apo. Ndinototarisa vana vangu pamwe neimbwa. Panzvimbo inomhanywa mamaera makumi maviri; mamaera mukumi manomwe paawa imwe, madzimai achiendesa vana vavo kuchikoro. Mudzanga muruwoko rwavo, rwakaremba kunze kwegonhi, vachinetsana nevana, zvino zasi ikoko voridza mabhureki, ipapo, kana kuti mavhiri, vachidhinda mavhiri mumugwagwa. Zvino hevanoi vanodzoka zvakare. Ndakaona mhepo ichipupurutsira vana vana kana vashanu kunze kwemugwagwa, pane rimwe zuva, vari vamwe amai vanopenga. Ko vari kuendepi? Chii chanetsa? Pane chimwe chirongwa chepaterevhizheni, pamwe chauya, chaanga achida kuona.

⁶⁵ Asi, ndizvozvo, kusungikana. Pane chimwe chinhu chiri kuzvikonzera. Vaimbopota, vasingazviite. Pane chimwe chinhu chiri kuuya. Rufu nekuparadzwa zviru munzira yazvo yokuuya kuno. Hazvisi kure kwazvo. Pane chimwe chinhu chiri kuuya.

⁶⁶ Zvino, muTestamende Yakare, Mwari vachiona, mune mamwe matambudziko aya, kuti akaitwa netsaona. Saka, kana usina chawakapara, usina mhaka, Mwari vanokugadzirira nzira.

⁶⁷ Zvino, kana munhu akauraya mumwe munhu, nebwoni, afanozvifunga, aive arasika. Haaikwanisa kuuya kunzvimbo iyi. Asi kana akazviita netsaona, asingarevi kuzviita, ipapo paive neguta rehutiziro. Rimwe raiva paRamoti-Giriadhi. Nedzimwe nzvimbo ina, ndinofunga, Joshua akagadza maguta aya ehutiziro.

⁶⁸ Zvadaro, zvino, vanhu vaigona kuuya kuguta iri rehutiziro kana achinge akanganisa netsaona. Ainge asingade kudaro. Aizouya kuguta rehutiziro, zvino oenda kusiwo. Muchengeti wesiwo aimubvunza zvainge avinga, inyaya yei yaainge avinga. Zvino nyaya yake yaitongwa. Zvino nyaya yake payaitongwa pasiwo, munhu wacho owanikwa asina mhaka, haana kuzviita achida, zvdaro munhu wacho aipinzwa muguta, senzvimbo yehutiziro. Ipapo muvengi haaigona kumubata.

Zvino kana ainge anyepa uye akaita zvakaipa, zvino opinda muguta rehutiziro, kunyange ainge akabatirira kunyanga dzeartari, mhandu yake yaiva nemukana nekodzero yekumuzvuzvurudza kubva paartari ipapo omuuraya, hongu, changamire, nokuti ainge aine mhosva, akafanozvifunga, zvino aitofanira kurangwa.

⁶⁹ Zvino, pane zvaienderana nazvo. Ndizvo chaizvo, munhu iyeye anenge achihuta-huta, ini zvangu, pamwe, kuine dhazeni revanhu vanenge vachikutevera. Pane imwe nzvimbo, ibwe rose,

chikomo chose, chikwenzi chose, muvengi, mumwe munhu ainge akamira akamugaririra. Ainge achihuta-huta. Zvino aingoti kana apinda muguta, aigona kutura mafemo. Aive achengeteka. Ainzwa zvakanaka, nokuti paiva nenzvimbo yaakagadzirirwa. Nzira yakapiwa naMwari kuitira munhu uyu asina mhosva, kuti asauraiwe, asi aigona kunzi asauraiwe, nokuti akazviita netsaona, zvino, ndokunge ainge asingadi kuzviita.

⁷⁰ Zvino, dai agara achida kuzviita, saka, a—aitofanira kutotarisa nemubhadharo wacho. Asi panga pasina mukana kwaari kana akazviita achida.

⁷¹ Uye kune mhando mbiri dzevanhu nhasi. Regai nditaure izvi. Pane varume nemadzimai munyika nhasi, Hama Ruddell, vasingadi zvemazvirokwazvo kuita zvinhu zvavari kuita. Pane varume nemadzimai vari munyika nhasi, vasingadi kuita chivi. Ndinovanzwira urombo. Havadi kuita chakaipa, asi vanozviita. Vanosundwa kuti vazviite. Zvino, pane nzvimbo iripo kumunhu iyeye anoda kuita zvakanaka. Iripo nzvimbo yekutura mafemo iwayo. Ichokwadi. Asi pane vamwe vasina kana hany'n'a.

⁷² Rimwe zuva, imwe hama, Hickerson, vakandiwanira gwaro rekupindisa kubva kune mukuru wejeri riri...kuLa Grange, Kentucky, kuti ndipindemo, ndiende kunoraura. Zvino ndakasangana nemumwe mukomana wechitema imomo anobva kuLouisville. Zvino akandiudza...Ndakati, “Muchinda anoratidzika zvakanaka, akachenjera sewe, uri kuitei muno?”

⁷³ Akati, “Zvakanaka,” ndokuti, “mufundisi, hezvinoi zvazvakaita.” Ndokuti, “Haisi mhosva yemumwe munhu asi ndeyangu.” Akati, “Nda—nda—ndaimbonamata Ishe.” Zita rake ainei Bishop. Akati, “Vanonditi ‘Bishop Mutsvene’ nokuda kwekuti ndinoshumira Ishe.” Akati, “Ini nemudzimai wangu, ti—tine mwanasikana muduku.” Uye ndokuti, “Imwe nguva ndakatadza kuramba ndichizvifarira, saka ndakaenda nenyika, ndokubva panaShe.” Akati, “Ndaiva nababa naamai Makristu.” Uye ndokuti, “Ndakashandira chiuto kwemakore mana mhiri kwemakungwa, muKorea,” nehondo dzaakapindana nadzo, nyaya dzacho nezvinhu. Akati, “Asi kunze ikoko chinhu chataiita kwaive kungoenda kumadhanzi nezvimwe zvakadaro. Ndakazvibanidza neboka revanhu risina kunaka.

⁷⁴ “Zvino rimwe zuva, vakomana vaviri vakauya ndokuti, ‘Bishop, tinoda kuenda kumusoro uko kwaQuaker Maid, tinotenga zvokudya. Ungatimhanyisawo here ikoko?’”

Ndokuti, “Mudzimai wangu anga achangondidana kuzodya. Zvino ndakati...Akati, mudzimai akandidana imomo, ndokuti, ‘Mudiwa, usaenda navo. Hapana chakanaka mumachinda iwayo. Tinofanira kubva kwavari, todzokera kuchechei zvakare.’”

Zvino iye ndokuti, “Zvakanaka,” akati, “ndakati, ‘Handingadi kuti ivo...Vakomana ava vanoda kunotenga

zvokudya.’ Ndikati, ‘Handingafare ndikasavaendesa.’ Hongu, akati, ‘Ndichavapa motokari yangu.’”

“Ndokuti, ‘Usambozviita. Vanoikwachura kuita zvimedu-zvimedu.’ Uye akati, ‘Vamhanyise ikoko, zvararo wodzoka zvino.’”

⁷⁵ Akati, “Ndakavamhanyisa ikoko, ndokumira munopakwa motokari.” Ndokuti, “Ndakanga ndakagaramo, ndakamirira. Zvino pakarepo, maaramu akatanga kurira, nezvimwe zvose. Zvino hepano vakauya vakomana vava, mumwe nemumwe aine kapfuti muruwoko rwake. Zvino ndakapfiga gonhi. Ndikati, ‘Hamusi kuzopinda muno.’” Zvino mumwe wacho akamuwatsura mumusoro, ndokumusundira kumashure, ndokumunongedzera nepfuti. Akati, “Hausi kunditora.”

Ndokunongedzera pfuti, achiti, “Ndokunge kana usingade buri rinopfura nemauro! Zvino tichakukandira kunze kuno, tobva taenda.”

⁷⁶ Akati, “Hapana kwamunoenda. Muchabatwa. Imi vakomana muvaudze kuti ini handina mhosva. Nda—ndanga ndisiri kuda kuzviita. Nda—ndanga ndigere pano. Ndiri munhu asina mhosva.” Zvino panguva iyoyo mapurisa akavabata.

⁷⁷ Vakatonga nyaya yacho. Akati, “Pokutanga ndakafunga zvakaipa pamusoro pemutongi wemhosva, nokuti akati...” Heinoi mibvunzo yaakataura. “Iyi imotokari yako here?”

Iye ndokuti, “Hongu, changamire. Asi ini . . .”

⁷⁸ Ndokuti, “Pindura mibvunzo yangu.” O, hama, dhiyahbore ane nzira yokuzviita. Akati, “Pindura mibvunzo yangu.” Akati, “Iyi imotokari yako here?”

Iye ndokuti, “Hongu, changamire.”

“Iyi inhambapureti yako here?”

“Hongu, changamire.”

Akati, “Wakanga uripo here panzvimbo paya?”

Ndokuti, “Zvakanaka, regai ndikuudzei . . .”

Akati, “Pindura mibvunzo yangu.”

Ndokuti, “Hongu, changamire.”

⁷⁹ Akati, “Hezvoka izvo.” Uye nokuda kwemamiriro eumboo hwezvakanaka zviripo, vakamupa makore gumi, ndokutongerera vamwe vakomana vava hupenyu hwese mujere.

⁸⁰ Zvino, akati, “Munoona, hama, ndakangobatana neboka revanhu vakaipa. Hapana wandinowanira mhosva kunze kwangu ini.” Uye ndizvozvo chaizvo. Zvino, ane makore gumi, ekutura mafemo. Ndakamunamatira. Hama Wood avo, pamwe neni, taive takagara kunze ikoko pamvura. Zvino ndokutora mukomana neruwoko, ndokumunamatira, kunze uko kumvura,

kuti Mwari vazomuita kuti akurumidze kubudamo. Uye ndichiri kumunamatira, kuti Mwari vachazviita.

⁸¹ Chii? Kumanikidzwa, pasina mhosva, munhu asina mhosva. Zvino, munhu uyu anofanira kuwana mukana.

⁸² Zvino, kana uchida kuita zvakanaka, ndinofara kwazvo, manheru ano, kukuudzai kuti pane guta rehutizi. NdiJesu Kristu. Kana usingade kuita zvakaipa, muvengi achikutevera, zvino pane nzira yekupunyuka nayo, zvino pokupunyuka napo pachu ndiJesu Kristu. Pane nzvimbo yaunogona kuuya wotura mafemo. Asi kana uchida zvekutadza, uye usingadi Mwari, ipapo muvengi achakuwanikidza pamwe panhu. Hauna... Haukwanise kuuya kuna Kristu, nokuti haudi kudaro.

⁸³ Zvino kana munhu uyu achinge auya kuna Kristu, nzvimbo iyi yehutizi... Kana munhu achinge apinda, muTestamende Yakare; chinhu chokutanga, aitofanira kuuya nokuda kwake pachake. Zvino ndiyo nzira yaunofanira kuuya nayo kuna Kristu.

⁸⁴ Chimwe chinhu, unofanira kunge wakagutsikana paunenge uri imomo. Haufanire... Hazviiti kuti unge urimo mazuva ose, uchichema, “Ndiri kuda kubuda muno. Ndiri kuda kubuda muno.” Vaikudzingira kunze. Unofanira kunge iwe pachako uchitoda kugaramo. Zvinofanira kunge zviri zvokuti iwe unotoda kugara muguta racho.

⁸⁵ Zvino kana wauya kuna Kristu, haugoni kutarisa kumashure kunyika. Bhaibheri rakati, “Uyo anoisa ruwoko rwake pagejo, zvino ocheuka achitarisa kumashure, haana kukodzera kurima kwacho.” Zvino ndipo apo vanozviti Makristu vakawanda vanokanganisa. Munoono, vanoita sokunge vari kunorima, asi chinhu chokutanga chiduku chinouya, vanopotika, nezvazvo.

⁸⁶ Rimwe zuva rakapfuura ndakava nechiiitiko chazvo, sokuziva kwenyu mose. Uye ndinokutendai nokuda kweminamoto yenyu. Pandinohima, nokuraura, nokupfura zvekunanga, nezvakadaro, ndagara nguva dzose ndichida pfuti yeWeatherby magnum. Saka, dzimwe shamwari dzangu vaigona kunge vakanditengera. Ndinoziva vanhu, vokuti dai ndakangozvita chete, vangadai vakazviita nomufaro. Chazvoivo, vaviri kana vatatu vaitoda kuzviita. Asi handina kuda kuona vachiisa mari yakawanda kudaro papfuti, apo ndichiziva mamishinari vasina shangu mutsoka dzavo. Handina kugona kuzviita. Zvino Hama Wilson vakapa Billy Paul ka .257 Roberts kaduku. Zvino imwe hama, shamwari yangu yakati, “Hama Branham, Weatherby inogona kubowora pfuti iyi, ndinogona kuti zviitwe nemutengo wakaderera, kana mukandirega ndichikuitirai.” Saka, ndakavarega vachizviita.

⁸⁷ Yadzoka, ndokuisa mbumburu mupfuti, ndokuenda kunoipfura, zvino chinhu chacho chakaputikira mumawoko angu. Mupongoro wepfuti wakaenda kuda mayadhi makumi

mashanu, simbi yekukokesa pfuti ndokuenda kure seri kwangu. Uye zvinotoshamisa kuti haina kundidimbura nepakati kuita zvidimbu zviviri. Paiva nematani mashanu kana mana esimba pedyo neni *zvakadai*.

⁸⁸ Saka, chiremba akati, “Chinhu choga chandinoziva, ndechokuti Ishe wakanaka aive agerepo achichengeta muranda waKe.”

⁸⁹ Zvino, chinhu chandiri kufunga nezvacho, heanoi mauyiwo achinoita. Dai yanga iri Weatherby Magnum, pakutanga! Dambudziko raiva rei? Paiva nechakakanganiiswa mupfuti. Nzvimbo inogara bara yakakurisa pakuboorwa. Ndiro dambudziko rine vakawanda vedu pakutendeuka kwedu, nzvimbo yedu yemumuro medu yakakurisa pakugadzirwa.

⁹⁰ Uye—uye, zvino, dai yainge iri Weatherby, kubvira pakutanga, kubvira pasimbi yakadururwa, kugadzira mupongoro wepfuti, ingadai yakanyatsoboorwa yakagadzirwa iri Weatherby Magnum, ingadai isina kunge yakaputika. Asi nokuda kwekuti yakaedza kushandurwa kuva chimwe chinhu chaisiri, ipapo yakaputika.

Uye saizvozvo munhu wose achawana chinhu chimwe chete, uyo anopupura kuti Mukristu, uyo asina kuwana matangiwo akanaka kubva paKuberekwa patsva, pane paachaputika chete. Pane kumanikidzwa kwakawandisa pazviri. Hazviponi pakadaro. Anozozviwana aputika pane imwe nzvimbo.

⁹¹ Vanhu vanoedza kutevedzera shumiro yemumwe munhu, iye asina kudaniwa kwairi, pakupedzisira ichaputika. Unofanira kunge wakagadzwa naMwari.

Anofanira kunge ari Mwari, kwete kugwinhwa chishanu, imwe nyaya inosuwisa, asi kuuya nenzira yeRopa rakadeurwa raKristu, pamwe nokutenda kwako mune zvawakaitirwa naMwari nemuna Jesu Kristu. Zvikasadaro, pane pauchaputika chete. Mumwe munhu achakutsika konzi, zvino unobva watotanga. Maona? Munoono, kumanikidzwa kuri kuungana, nguva dzose, uye nenguva isipi zvichaputika.

⁹² Munhu anofanira kunge achida kugara muhutiziro. Haakwanise kupinda imomo achinyunyuta. Anotofanira kuda kugara, pasina kunyunyuta nezvazvo. Kunze, anofa. Mukati, akachengeteka.

⁹³ Zvakakanaka, ndinoda kutaura chimwe chinhu, kuvanhu pano, kana usiri Mukristu. Ndakauya kuguta reHutiziro iri, anenge makore makumi matatu nerimwe apfuura. Zvino, hama, handina kumboda kubuda kunze. O, ndakapinda muna Kristu. Zvose zvandaishuvira zvaivemo *Muno*. Handidi kuenda kunze. Ndinonamata zuva nezuva, “O Mwari, ndiri kufara kwazvo pano. Ingondiregai ndigare.” Handidi kubva, uye ndinoziva kuti haAbofa akandisiya. Ndinoziva kuti haAzokusiyi. Zvino kumanikidzwa kunokura kwazvo, kana kukadaro, ipapo iYe

ndiye pokupunyuka napo, saka hatifanire ku—kunetseka nezvazvo.

⁹⁴ Zvino kana uri pasi pekumanikidzwa, uye usiri kuziva kuti uri kuendepi, kuti chii chichazoitika kwauri kana uchinge wafa; uye uchiziva kuti uchafa pane imwe nguva, unofanira kuzviita; zvino kunhu kwekuenda, uya kuna Kristu, Hutiziro, uye uture mafemo. Zvigadzirise, kamwe zvachose.

⁹⁵ Hazvina basa nezvinenge zvaitika, Kristu ndiye Hutiziro hwedu. Zvino kana tichinge tauya kwaAri, tinogona kutura mafemo. Unobva warega kunetseka kuti, “Saka, kana ndikafa, chii chichaitika kwandiri? Chii chichaitika kumudzimai? Chii chichaitika kumurume? Chii chichaitika kuvana vangu?” Ingouya kuna Kristu, wotura mafemo. Zvose, Anotipa zvinhu zvose. Zvinhu zvose ndezvedu, nokuda kwaKristu, saka ingotura mafemo, ndiyo nzira yoga yaunogona kuzviita.

⁹⁶ Mumwe munhu anogona kukupa miriyoni yemadhora. Zvinokuisa pakumanikidzwa.

Unogona kujoinha imwe chechi, uye izvozvo zvinogona kukuisa pakumanikidzwa. Nokuti, maMethodisti vanokuudza kuti vari kuita zvakanaka, “Uye maBaptisti vari kukanganisa.” Zvino maBaptisti vanoti, “Vari kukanganisa, uye isu tiri kuita zvakanaka.” Saka zvinowedzera kuumba kumanikidzwa, nokuti hausi kuziva pawakamira.

⁹⁷ Asi kana ukambouya kuna Kristu, unokwanisa kutura mafemo, nokuti zvinenge zvapera zvino, wogara pasi wakadekara. Ndiyo nzvimbo yakapiwa naMwari yekuchengetedzwa, apo Mwari vakati, “Zita raJehovha inharirire yakasimba, vakarurama vanomhanyira maRiri uye vanochengeteka.”

Munguva dzehurwere, kana hurwere hwabata, uye chiremba ati, “Hapachisina chimwe chandichagona kuita nezvazvo,” usapinda pakumanikidzwa.

Tura mafemo. Dana mufudzi wako. Ita kuti akuzodze nemafuta uye agokunamatira. “Munamato wokutenda uchaponesa varwere.” Tura mafemo. Maona?

⁹⁸ Ndiye Hutiziro hwedu. Paunenge uri muHutiziro uhu, une—une kodzero kuzvinhu zvose zviri muHutiziro. Zvino Kristu ndiye Hutiziro hwedu, uye zvose zvaunoda zviri maAri. Amenii.

Muhurwere, usapinde pakumakidzwa. Tura mafemo.

⁹⁹ Unoti, “Zvakanaka, ini—ini handizive, Hama Branham.” Haunetseki; unongotura mafemo. Kumikidza nyaya yako kuna Mwari, zvino wongerera mafemo sokunge zvatopera. Usapinde pakumanikidzwa. Zvinobvisa kumanikidzwa.

¹⁰⁰ “Saka,” unoti, “ndiri kushushikana kwazvo, Hama Branham. Handisi kungoziva.”

Tura mafemo. Amen. Muguta reHutizi, Akatora kushushikana kwako, kuti iwe—iwe usave nako. “Kandira kufunganya kwako paAri, nokuti Ane hanyin’ a newe.” Usanetseke nekushaiwa kwako. Ndiri basa raKe.

¹⁰¹ Ndakasangana nemumwe mudzimai, kuno makore apfuura muchitoro chemukambo. Aiva nemakore anenge makumi matanhatu okuberekwa, achiratidzika seane makore makumi matatu okuberekwa. Ndakati, “Munozviita sei, hanzvadzi?”

¹⁰² Akati, “Hama Branham, ndine vanakomana vaviri vanachiremba, vakuru kudarika imi.” Uye chokwadi chaizvoivo, a—akanga asingaratidzike sokunge anodarika makore makumi matatu okuzvarwa. Akati, “Hezvinoi zvazvaive zviri. Pandakauya kuna Kristu, pandaive nemakore anenge gumi nemaviri okuberekwa, ndakagara pasi ndikafunga nezvazo. Ndakanzvera zvimwe zvinamato. Asi pandakawana chechokwadi,” akati, “ndakauya kuna Kristu, ndokuenda nenyaya yangu, mweya wangu, zvoise zvangu, kwaAri.” Uye akati, “Handina kuzombova nekushushikana kubvira ipapo.” Ndokuti, “Zvino, Akavimbisa kushanda nematambudziko angu ose,” uye ndokuti, “kana Asina kukura zvakakwana kuti aziite, ndinoziva kuti ini handina kukura zvakakwana kuti ndizviite, saka zvichandibatsirei kushushikana nezvazo?” Maona? Ndizvozvo.

¹⁰³ Kristu akavimbisa kuti Achatakura mitoro yako yose. “Kandirai kufunganya kwenyu paAri.” Saka uri kunetseka nezve? Kunetseka kunounza kumanikidzwa. Kumanikidzwa kunopotika. Saka chingokandira kufunganya kwako paAri, worega kushushikana. Zvakanaka.

¹⁰⁴ Iye zvino, “Saka,” unoti, “ko ndinozviita sei?” Ingovimba nevimbiso yaKe. Akaita vimbiso yokuti Achazviita, kunyange panguva yerufu, kana mutumwa werufu auya mukamuri. “O, Hama Branham, ndinoziva kuti ndinenge ndichihuta-huta.” O, kwete. Uri muHutizi. Kwete, kwete. Unoziva kuti uri kuzofa; unofanira kuenda neimwe nzira, saka chingopinda muHutizi, unzwe kuchengeteka. Ndizvozvo chaizvo. Wakachengeteka chero bedzi uri muHutizi. Rangarira, Akakufira. Ane hanyin’ a newe. Akakufira.

¹⁰⁵ Zvino ngatitarisei. Unoti, “Hama Branham, munoreva here, kana mutumwa werufu ave kugogodza pamukova, zvakadaro haufanire kumanikidzwa?” Kwete, kana nepaduku pose. “Saka, munozviita sei?” Uya muHutizi. Ndizvo zvoga. “Zvakanaka,” munoti, “Hama Branham . . .”

¹⁰⁶ Zvino, mirai zvisoma. Ngatitorei Israeri, zasi muEgipita. Pakauya nguva apo Mwari vakati, “Ndichatumira mutumwa werufu munyika yose, uye ndichatora mumwe nemumwe wevakuru wemumhuri, kunze kwekunge paine ropa pamukova,” usiku hukuru huya hwepaseka.

¹⁰⁷ Zvino, heinoi Israeri, vanhu vakavimbiswa vari kuenda kunyika yakavimbiswa. Uye vakanga...Husiku hwepaseka. Mutumwa werufu ari munyika. Zvino tinonzwa kuzhamba kuchibva nezasi kwemugwagwa. Totarisa panze. Mazipapiro maviri makuru, matema ari kubhururuka achidzika nemugwagwa. Unofunga kuti Israeri yakanga iri kunakidzwa? Kwete, changamire.

¹⁰⁸ Rufu rwakanga rwuri pamukova. Mukomana muduku akatarisa panze nepahwindo. Ndiye dangwe mumhuri. Anoona mutumwa uya mukuru mutema. Anotarisa zvino oti, “Baba, munondida here?”

“Chokwadi, mwanakomana, ndinokuda.”

“Saka, Baba, handini here dangwe renyu?”

“Hongu, uri, mwanangu.”

“Tarisai *uko*, baba. Mutumwa uya atora mukomana uya muduku. Ndanga ndichimuziva. Ndaitamba naye. O, baba, heinoi uyo ari kuuya, akananga kuno kumba.”

“Asika, mwanakomana, uri kuona here pagwatidziro iro?” Hareruya!

“Baba, achanditora here?”

“Kwete, changamire, mwanakomana. Haakwanise kukutora.”

“Sei?”

¹⁰⁹ “Ivimbiso yaKe. ‘Kana ndikaona Ropa, Ndichakudarikai.’ Dzokera unotora zvokutambisa zvako, wotanga kutamba hako, mwanangu. Hapana chikonzero chokunetseka. Tiri muhutiziwo hwaMwari. Tura mafemo.”

¹¹⁰ Israeri yaikwanisa kugara pasi yoverenga Bhaibheri; apo vamwe vose vainge vari kuchema nokusvika pakamanikana, Israeri yainge yakadekara. Sei? Rufu rwuri chaipo pamukova, zvinoita mutsauko wei? Harukwanise kuvakuvadza.

¹¹¹ Saka kana rufu rwuchinge rwasvika pamukova wedu, kubwinya kuna Mwari, chero bedzi zvinodiwa naMwari, Ropa, raiswa pachikumbaridzo chegwatidziro remoyo wangu, zvinoita mutsauko wei? Hazvikwanise kundinetsa.

¹¹² Chiremba anoti uri kuzofa mangwana, zvinoita mutsauko wei? Ropa riri pagwatidziro. Unofanira kufa, zvakadaro. Asi kana Ropa iroro rakaiswa, ndine rumuko rwuri kuuya. Amen.

¹¹³ Israeri yaigona kunge yakadzikama, hapana kushushikana kwavari, nokuti vaiziva kuti mutumwa werufu akanga asingakwanise kuvaparadza. Vakange vari pasi peRopa. Yaive nzira yakapiwa naMwari.

¹¹⁴ Zvino cherechedzai. Unoti, “Ndinogona kuwana chokwadi chazvo here?” Zvino, Makristu, hezvo tiri pano. “Ndinogona

kuwana chokwadi chazvo here?” Ndakataura nezvazvo, usiku hweSvondo yapfuura.

¹¹⁵ Zvino, Israeri vaiva vanhu vakavimbiswa, vesungano, vanhu vaMwari. Vaive vavimbiswa nyika yaiyerera nehuchi nemukaka. Asi ivo—ivo havana kunge vakamboona nyika yacho. Hapana kana mumwe wavo akamboenda ikoko. Asi vaiva nevimbiso yayo. Maona? Havana kumbenge variko ikoko. Hapana chavaiziva nezvenyika iyi, asi vakavimbiswa nyika yacho. Zvino vakabuda muhutapwa hwavo, neruwoko rwaMwari kubudikidza nemuporofita waVo, uye vari parwendo, vachipupura kuti vaive vafambi nevatorwa, uye vakanga vari kuenda kunyika yavasina kumbobvira vakaona, kana hapana chero mumwe wavo akamboiona. Pafungei ipapo.

Saka vakasvika pedyo nemuganhu wenyika. Paiva nemhare huru pakati pavo, ainzi Joshua. *Joshua* anotora . . . zvinoreva “Jehovha Muponesi.” Zvino Joshua akayambukira mhiri kweJorodhani, achipinda munyika yechipikirwa, zvino ndokudzoka neumbo hwekuti nyika yacho yakanga yakanaka. Vakaunza chitsumbu chemazambiringa; zvakatatora varume vaviri kuti vachitakure. Zvaive chaizvo izvo zvakanga zvataura naMwari kuti yaive. Yaiyerera nehuchi nemukaka. Zvaifanira kunge zvakaita kuti munhu wese apembere. Sei? Joshua akadzoka aine umboo hwenyika iyo yakanga isina munhu aiziva nezvayo, iyo Mwari vakanga vavimbisa kuvapa. Maona? Nokuti, vaiva nevimbiso wenyika, zvino vakanga vari munzira yavo yokuenda ikoko.

¹¹⁶ Zvino, rimwe zuva rudzi rwevanhu rwakanga rwuri mumuteyo, zvino pakauya mumwe Munhu panyika, ane Zita rokuti Jesu Kristu. *Jesu* zvinoreva “Jehovha Muponesi.” Zvino Akadzika zasi kuJorodhani yerufu. Akaenda mhiri kweJorodhani, murufu, ndokumuka mangwanani eEsta, aine umboo hwekuti munhu anokwanisa kurarama mushure mokunge afa. Hareruya! Rufu handiwo magumo. Jesu akazviratidza, kuti munhu anogona kurarama mushure mokunge afa.

¹¹⁷ Akamira pamberi pavo, uye ndokuti, asati Aenda, Akati, “Muimba maBaba vaNgu mune dzimba dzakawanda. Dai zvisina kudaro, Ndingadai ndakakuudza. Zvino Ndichaenda kunogadzirira nzvimbo. Ndichaendako ndonogadzira nzvimbo, ndozodzoka, ndokugamuchirai kwaNdiri; kuti kwaNdinenge ndiri, munenge murikowo zvakare.” Mangwanani eEsta, mushure . . .

Akafa, kusvikira mwedzi nenyeredzi nezuva zvakazvinyarira. Akafa, kusvikira musoja wechiRoma akabaya moyo waKe ne—nepfumo, uye mvura neropa zvakapatsanuka. Aive akanyanyisa kufa pane vakafa. Akaenda kubwiro,

sezvakaita munhu wose. “Mweya waKe wakaenda kugehena,” sokureva kweBhaibheri.

Asi mangwanani eEsta, Akadzoka kubva kurufu, hadhesi, nebwiwo, uye ndokuti, “Ndini Uya akanga akafa, zvino Ndinorarama nokusingaperi, uye ndine makiyi erufu nehadesi. Ndiri Munhu.”

Vakati, “ZvaAri mweya.”

Ndokuti, “Ndipeiwo sangweji yehove.” Zvino Akadya hove nechingwa.

¹¹⁸ Aiva Munhu akafa ndokuenda kuNyika, ndokudzoka aine umboo hwekuti munhu anokwanisa kurarama mushure merufu. Ko rufu rwunei nechekuita nesu? Amen. Tura mafemo.

¹¹⁹ Zvino, kwete izvozvo bedzi, asi Akatipa vimbiso. Chaiva chii? Akatipa rubatso rwenhaka yedu. Akati, “Zvino kuzviratidza kumutendi wese. Zvino uri kufamba zasi kuno mukusatenda. Hautendi Shoko. Uri kufamba muchivi nemuzvinhu zvenyika. Asi Uyo anotenda maNdiri ane Hupenyu Husingaperi, Hupenyu husingagoni kufa.”

¹²⁰ Cherechedzai zvino, kana tagamuchira Mweya waKe, isu kare takanga takafa muchivi nekudarika, Anotipa Kubarwa kutsva, Hupenyu hutsva. Chii chaAnoita? Iye. . . Tinofa pamwe nokuvigwa muna Jesu. Tinomuka muMweya, kubva kuzvinhu zvenyika, tichienda kuzvinhu zvoKudenga. Zvino manheru ano, “Tigere pamwe chete munzvimbo dzekuMatenga muna Kristu Jesu.”

¹²¹ Vangani Makristu vari muno vachiri kuda nyika? Kana uchidaro, hausi Mukristu. Uri mupupuri weChikristu, uye hausi. Nokuti munhu paanongoravira Kristu, anofa kuzvinhu zvenyika, uye hapana nzira yokuti anenge achine chishuwo chokudzokera zvakare mazviri.

¹²² Chii chazvinoita? “Hupenyu,” Pauro akati, “hwandakamborarama, handichahurarama. Kunyange ndichirarama, asi handini, asi Kristu ari mandiri.” Sei? Akamusimudza kubva pachinhano ichi chepasi chechivi chemunyika, kukwira panzvimbo iyo yokuti isu pachedu tinogona kutarisa kumashure toona kwatakabva. Kubwinya! Totarisa kumashure toona kwatakamborarama. Iye zvino tinorarama zvakasiyana. Chii? Isimbiso yokuti takafa, uye upenyu hwedu hwakavanzwa muna Kristu, nemuna Mwari, uye takasimbiswa neMweya Mutsvene, uye takasimudzwa pamusoro pezvinhu izvozvo. Ipapo tave vapenyu, tiine umboo humwe chete hwaAkadzoka nahwo, hwekuratidza kwatiri.

¹²³ Nyika yacho inobwinya zvino urwu rubatso. Urwu ndirwo rubatso rweruponeso rwedu. Ndiyo mari yokutanga inobata chibvumirano. Kubwinya! Rwunobata chirangano chaMwari, “Uyo anonzwa maShoko aNgu, anotenda mune

Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi uye haazopindi pakupomerwa, asi apfuura kubva murufu achipinda muHupenyu.” Tura mafemo, hama. Hongu, changamire. Amen. Mazvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹²⁴ Tarirai, apo Eria muporofita uya mukuru, mufananidzo waKristu. Erisha, mufananidzo weKereke, iyo, mugove wakapetwa kaviri weMweya wakauya pamuporofita. Akafamba achienda kuJorodhani rimwe zuva; mufananidzo wezuva rino, hurumende ino nezvinhu zvatinazvo zvino; Ahabhu, Jezebheri, nezvakadaro. Sokurangarira kwamunoita, mharidzo yangu yaJezebheri. Cherechedzai Erisha achitevera Eria, nokuda kwechikonzero. Amen. Akaenda naye kupi? KuJorodhani; KuRamoti-Giriadhi, kumusoro kuchikoro chevaporofita, nezasi kuJorodhani. Ndiwo matorero aAnokuita. Nemukururamiswa, kucheneswa, nekufa, kuti ugamuchire Hupenyu. Amen. Kwete kusangano kana chimwe chitendwa. Asi kurufu kumweya wako, kuitira kuti ugobarwa patsva. Zvino Erisha. . .

¹²⁵ Eria akarova mvura, ndokufamba achiyambuka Jorodhani, uye Erisha akamutevera. Zvino Erisha paakadzokera kunyika zvakare, kune rimwe divi, akadzoka ave nemugove wakapetwa kaviri.

Nhasi, tinotevera Jesu mukufa kwaKe, kuvigwa nerubhabhatidzo. . .rufu, kuvigwa, nekumuka, waro, kubudikidza nerubhabhatidzo. Tinotenda maAri. Tofa kuzvinhu zvemunyika, topupura kuti hapana zvatiri, tohbabhatidzwa muZita raKe, tovigwa naYe murubhabhatidzo, tomuka pamwe naYe murumuko. Mweya yedu yorarama pamusoro pezvinhu zvemunyika. Zvadaro tave muna Kristu. Iye zvino tine mugove mumwe chete.

¹²⁶ Patinenge tadzoka kubva pamuganhu werufu weJorodhani, tichava nemumwe mugove. Mitumbi yatinayo zvino, nemweya yatinayo, zvine Rubatso, Mweya Mutsvene usingafe, nokuti Iwo chikamu chaMwari. Uye mitumbi yatiri kurarama mairi. . . “Uyo anodya nyama yaNgu nokunwa Ropa raNgu ane Hupenyu Husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.” Amen. Tura mafemo.

¹²⁷ Zvinoita mutsauko wei, bhambu reatomiki kana chimwe chinhu chikaro? Regai vaite chero chose. . . [Chibenga patepi—Mupepeti]. . . yechinhu ichi chimwe chete, chokuti tine Hupenyu Husingaperi nemuna Jesu Kristu Ishe wedu. Saka tinoitirei hanyn’a nezvinotaurwa nyenika. Ko tinoitirei hanyn’a nekumanikidzwa. Hapana mutsauko wazvinoita kwatiri. Sei? Nokuti tinogona kutura mafemo.

[Chibenga patepi—Mupepeti.]

Uya apo madonhwe edova retsitsi ari kupenya;

Achipenya akatipoteredza masikati ne...

[Chibenga patepi.]

Jesu, Chiedza chenyika.

¹²⁸ Iye zvino takakotamisa misoro yedu, ngatisimudzei mawoko edu.

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
Uya apo madonhwe edova retsitsi ari kupenya;
Achipenya akatipoteredza masikati neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

¹²⁹ Baba vedu voKudenga, Satani akundwa pahondo. Chingotsungirirai. Musapinde pakumanikidzwa. Ndimire pano, ndichiparidza nezve “kutura mafemo,” uye zvino Satani afunga kuti angandidzinga papurupiti, ndorega kudanira vanhu kuartari. Kwete, Ishe. Mumoyo mangu manga muine chimwe chinhu changa chiri kubvira, chichiti, “Pane mumwe munhu pano. Pane mumwe munhu ari kuvhima Dombo iri.” TinoKutendai, Baba, nokuda kwekukunda. Pangofamba munhu wekupedzisira achienda paartari, magetsi abva abaka. Aona kuti akundika, saka zviri nani akachisiyana nehondo yacho.

¹³⁰ Pamire pano, manheru ano, nhamba iya yenyasha, mweya yakakosha mishanu. Shanu: J-e-s-u, k-u-t-e-n-d-a, nyasha, n-y-a-s-h-a. O Mwari, Muri Mwari. HaMukundike. Munoita zvakafanira nguva dzose.

¹³¹ Ndakatarisa, ndimire pano padivi pano, mukunda weHanzvadzi Wilson. Ndinorangarira kasikana kaduku aka. Ndinorangarira paMakamudana. Ndinorangarira usiku hwacho paNew Market, makore akawanda apfuura. Zasi uko usiku huya, ndinorangarira, Ishe.

¹³² Hepanoi pamire padivi pake, mudzimai, auya achibva kuNew York, kuti azogara pakati pedu.

¹³³ Hepanoi pamire murume wechidiki nemudzimai wechidiki, panguva ino yokutendeuka, apo nyika iri kunze uko ichiita mhando dzose dzemadhanzi asina hunhu vachingoenderera. Vafamba, vachivhima Dombo riya.

¹³⁴ Pamapeto eartari pakamira mumwe mujaya, mawoko ake akasimudzwa, a—ari kuda kuwana Dombo. Jesu, ndiMi Dombo racho. Uye Makataura kuti, “Pakaungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, Ndichange ndiri pakati pavo.” Zvino, Dombo racho riri ipo pano.

¹³⁵ Zvinogona kuita sezvisinganzwisisike, Baba, zviri nyore kwazvo. Munoita kuti zvinhu zvive nyore kwazvo, kuitira kuti tisatadze. Asi nokuda kwekuti vasimuka pazvigaro zvavo ndokuuya kukokero; nokuti, iyeye, Satani aedza kuvadzivisa kuti vasazviite, maitiro ose aanga achikwanisa kuita, aedza kuzviita, asi akundika. Zvino, semuranda weNyu, ndiri kunoisa mawoko angu pamusoro pavo, pamwe nokutaura maropafadzo

eNyu. Uye, Mwari, dai atevera. Nokuti vakatendeka pamwe nokuperera kutevera kutungamirira kweMweya, ndinoitawo zvimwe chete.

¹³⁶ Iye zvino, ndinonamata kuti mweya wehanzvadzi yangu usamboparare, kuti chishuwo chake cheHupenyu Husingaperi achipiwe, nemuZita raJesu Kristu.

¹³⁷ Ndinoisa ruwoko rwangu pahanzvadzi yangu, uye ndichiziva kuti miyedzo yakawanda yakamumomotera. Ndinoziva kuti ari kunamatira mwanakomana wake anodikanwa. Ndinoziva baba vacho, apo misodzi ichimhanya ichidzika nepamatama avo, manheru ano, pavatambidza chikamu chiya chiduku chechegumi. Zvino mangwani ano, patanamata nokukumikidza mukomana uyu kuna Ishe Mwari. Ava amai nababa vanoda mwana uyu. Zvino, Mwari, vari kungoda nzvimbo apo vanogona kutura mafemo vachiziva kuti zvinhu zvose zvakarungana. Baba, tazvikumikidza kwaMuri. Muchazviita. Hatisi kutya. Mupei kugutsikana ikoko iye zvino, Baba, nemuZita raJesu ndanamata.

¹³⁸ Zvino, Baba, murume wechidiki uyu nemudzimai wechidiki vauya pamwe chete, nokudaro ndinoisa mawoko angu pamusoro pavo. Vauya kuzotura mafemo. Mhuri yevaviri vechidiki vakadai, vanhu vechidiki vakarurama pachiso, tinoziva kuti ivo muteyo wadhiyabhore kana akagona bedzi kuvashandisa. Asi vakabvutwa, sezimbe rine moto. Vauya nokuda kwekuti vari kuda kuwana nzvimbo iya yokuvanda. Vari kuda kusvika panzvimbo yokuti vanogona kungotura befu, votura mafemo, vonge vakazvidzikamisa pamberi paMwari, uye vachiziva kuti iYe ndiMwari. Ndinonamata, Baba, kuti Muvape kugutsikana kwakaropafadzwa uku iko zvino. Dai makwande ose maduku abviswa, iko zvino.

¹³⁹ Mujaya uyu pano, Ishe, amire akasimudza mawoko ake, iye wacho wokupedzisira. Zvino paangosimuka achiuya, magetsi abva abatira. Ndiyo nhamba yaManga muchida, ndiko kwanga kuri kudana kweNyu. “Vose avo vaNdakapiwa naBaba vachauya.” Chinhu choga chatinongoita kubata kuShoko racho ipapo, zvino ivavo vakatemerwa kuHupenyu naBaba vachatevera. Uye zvino auya. Ari kuda kuwana hwangwadza iya, Ishe, kuitira kuti azogara pasi uye achizorora zvisvishoma. Ndinonamata, Mwari, kuti Muchamutungamira kuhwangwadza iyi iye zvino.

¹⁴⁰ Dai ngetani dzose dzadimburwa. Dai zvinhu zvose, zvose zvinopesana zvanga zvichinetsa chero mumwe weava, dai zvawa zvichibva pavari iko zvino; dai chinhu chiduku chiya, tushasha, chero zvatwuri tuduku, kakungogumbuka, kakungoshushikana kaya, kupokana kuya, kachivi kaya kanongovhiringidza. Ishe, sehama yavo, nemuranda weNyu, ndinovareverera, sendakamira pakati pevapenyu nevakafa. Mwari, ndinokumbirira mweya

yavo. Ndinokumbirira kukunda kwavo, mukuteerera kudansirwa kuartari. Uye tinoziva kuti Satani aedza kukumisa. Asi tinovakumbirira, ndinozviita iye zvino, semuranda weNyu. Zvino ndinovaunza kuna Jesu Kristu, semikombe yenyasha dzaKe, mikombe yeHupo hweMweya Mutsvene, manheru ano, Uyo avadana pasi pezvinhano zvakawoma, uye ndokuvaunza kuDombo. Dai vakatura mafemo iko zvino, uye vagoziva kuti Jesu akataura, kuti, “Hakuna munhu anogona kuuya kunze kwekunge Ndamudana. Uye avo vose vanouya, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi, uye ndigovamutsa nezuva rokupedzisira.” Zvatopera, Ishe. Ndinovaunza kwaMuri iye zvino, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁴¹ Mwari vakuropafadzei, mumire ipapo. Pamuri kudzokera kuzvigaro zvenyu, endai uye muchiziva kuti zvose zvamuri kushuvira, nechivi chose chinokushungurudzai nechihu changa chakaipa, zviri pasi peRopa. Zvopera. Munozvitenda here? Munozvitenda here? Munozvitenda here, hama? Munozvitenda here, hanzvadzi? Munozvitenda here? Zvadaro, izvozvo—izvozvo hazvisi *zvichazova*; izvozvo *zvakatoitwa*. Ndizvozvo chaizvo. Zvakatopfuura.

¹⁴² Mwari vakuropafadzei, icho chakanakisisa muhupenyu nemuHupenyu Husingaperi, uhwo hwamava nahwo zvino. Makwira muchipinda mukati, pamusoro pechivi. Chivi chiri pasi petsoka dzenyu. Zvinondibatsirei, kumira pano, ndokuudzai chimwe chinhu chisiri icho? Ndichanzi munyengeri kumagumo enzira. Maona? Magamuchira Hupenyu Husingaperi, nokuti matenda muna Ishe Jesu Kristu. Uye zvino muchiisa parutivi chivi chose nengetani dzose, endai makasununguka. Turai mafemo. Wave Mukristu. Wasimuka kuenda pamusoro pechivi. Une rubatso rweruponiso rwako rwemunaZiendanakuenda nokuti Kristu akugamuchira.

¹⁴³ Zvino, haAna here kuti, “Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose vanouya, ndichavapa Hupenyu Husingaperi nokuvamutsa pamazuva okupedzisira”? [Vashanu vari paartari vanoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino zvaringana. Amen. Zvatopera. Mwari vakuropafadzei zvino, vakuitirei nyasha.

MunoMuda here, kunze uko? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁴⁴ Vangani vari kunzwa kuti kumanikidzwa kwopera? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Ndadzimikira mweya wangu panzvimbo
 yezororo,
 Handichafambi pamakungwa anotyisa
 zvakare;
 Mafungu angavhuvhuta panzvimbo
 dzakadzika dzinotyisa,
 Asi muna Jesu ndakachengeteka zvachose.

¹⁴⁵ Senyaya yaCharles Wesley, ari panguva yerunyararo ari zasi pamahombekombe egungwa rimwe zuva, akanga aine kamba kemapuranga. Akanga ari kunzvera. Ishe vakamutungamira ikoko. Akanga ari kunzvera. O, Mwari vakanga vari kufamba paari, kuitira chimbo. Zvino akashaya—akashaya chinhu chokutangira pachiri. Aiti akatanga pane chimwe chinhu, kufemera kwaibva kwamusiya. Nokudaro akaenda achifamba achidzika nemahombekombe egungwa, achiteerera masaisai, uye akafunga kuti angangowana kufemerwa, masaisai achiita ruzha. Kamwe-kamwe, dutu rakauya.

Hapana chinotika nemasanga. Zvinhu zvose zvakagadzwa naMwari. Zvisinei kuti chii chaitika, zvinhu zvose zviri kuzoshandira pamwe chete mukunaka.

¹⁴⁶ Zvino akatanga kufamba akananga kukamba kake. Paakadaro, mhengo dzakatanga kuvhuvhuta. Akafunga, “O, ndichapupurutsa ndichibva pano, pama—mahombekombe, ndisati ndasvikako.” Akasimudza batye rake, ndokutanga kumhanya, zvino pane chimwe chinhu chakabhururukira muchipfuva make. Akatarisa, zvino kakanga kari kadhimba kaduku, kakanga kauya kuzovanda. Akaramba akakabata muchipfuva chake kusvikira dutu rapfuura, uye zuva rabuda. Akaisa kamuchinda aka pamunwe wake, ndokukarega kachibhururuka kachienda. Zvino kakabhururuka kachienda, zvino kufemera kwakamurova.

Dombo raKare, rakatsemurirwa ini,
 Regai ndizvivanze maMuri.

¹⁴⁷ O, ndinozvida izvozvo! Dombo raKare, iroro Dombo munyika yakaoma, Nzvimbo yekuvanda munguva yedutu. Maona? Iroro Dombo munyika yakaoma, Ndivanzeiwo. Ndivanzei, O Dombo reKare, rakatsemurirwa ini. Vananyanduri vakuru vedzimbo vakafemerwa pamwe nezvinhu zvinotifadza nhasi!

Unoti, “Ko dzimbo idzi dzakafemerwa here?”

¹⁴⁸ Jesu akataura nezvadzo paAkanga ari pano panyika, akati, “Hazvina here kunyorwa muMapisarema, Dhavidhi akataura chimwe chinhu *chakati-chikati?*” Chokwadi, dzakafemerwa. Sezvakangoita kuparidza kana zvimwewo, zvakafemerwa.

¹⁴⁹ Ndinofara kwazvo kuti ndine Nzvimbo yekutizira. Handina imwezve nzvimbo yehutiziro. Hongu.

Tariro yangu hapanzve pamwe
 payakavakirwa
 Kunze kwepaRopa raJesu pamwe nekururama;
 Kana zvose zvakapoterredza mweya wangu
 zvakundika,
 Ipapo Ndiye yose tariro yangu nehugaro.
 Nokuti pana Kristu, Dombo rakasimba,
 ndimire,
 Pamwe pasi pose ijecha rinonyudza, zvisinei
 kuti chii.

¹⁵⁰ Mwari vakuropafadzei. Mufudzi wenyu zvino, Hama
 Ruddell. Ndine urombo, Satani adzima magetsi, asi Mwari
 vawana kukunda, zvakadaro. Ameni.



KUTURA MAFEMO SHO62-0513E
(Letting Off The Pressure)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 13 Chivabvu, 1962, paGospel Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org